# Koronavirustıń grippke bolǵan tásiri bahalandı

Image not found or type unknown

Rossiyalı ilimpazlar 2020-jılı koronavirus tiykarınan gripp virusınıń ornın basqanına itibar qaratqan.

Rossiyalı qánigeler koronavirus penen keselleniw gripp penen birgelikte keselliktiń awırlasıwına alıp keledi degen sheshimge keldi. Bul haqqında TASS xabar berdi.

Ilimpazlardıń anıqlawınsha, koronavirus hám gripp kombinaciyası menen nawqas gripptiń awır túri menen kesel bolıp qalıwı múmkin. Laboratoriya haywanlarında ótkerilgen testler sonı kórsetedi, bul jaǵdayda infekciya kóp muǵdarda ushırasadı.

Qánigeniń sózleri boyınsha, tiykarǵı qáwip sonda, basqa kesellikler menen aralasıp, koronavirus, hátteki ilimge belgili viruslar bolsa da, óz baǵdarın ózgertiwi múmkin. Sonıń menen birge, ilimpazlar 2020-jılı COVID-19 tiykarınan gripp virusı ornın basqanın atap ótken.

Esletip ótemiz, burın grippke qarsı shanshıw koronavirus juǵıw qáwipin 50 procentke azaytatuǵını aytılǵan edi hám DSM ata-analarǵa perzentlerin dem alıw organları keselliklerinen qorǵaw ushın usınıslar bergen edi.

Qaraqalpaqstan xabar agentligi